



Olga Hugelmeyer, Ed.D.

Sipètentandan Lekòl yo

18 Jen 2024

Chè Paran ak Gadyen:

Pi gwo priyорite nou, sé, byennèt ak sekirité tout moun ki nan kominoté Lekòl Piblik Elizabeth yo.

Akòz tanperati a pral 95-100 degré, **Tout lekòl nan distri yo pral kité élèv yo alé bonè. Sa ap komansé Mèkredi 19 Jen ak Jedi 20 jen .**

Élèv ki nan **klas 9yèm-12yèm ane** yo pral lage lekòl a **11:45 am** .

Élèv ki nan **Klas Pk-8** pral lage lekòl a **12:15 pm** .

Akòz élèv yo pral alé lakay yo bonè 19 ak 20 Jen, **Lekòl ki te déjà organize seremoni gradyasyon 8yèm ane yo, 20 Jen a 1 pm, pral organize seremoni yo nan yon novo lè**. Tab anba a, se orè, ki gen nouvo enfòmasyon pou tout lekòl ki chanje dat seremoni yo.

Jedi, 20 Jen – 9 am
Nicholas S. LaCorte – Lekòl Peterstown No 3
Lekòl Joseph Battin No 4
Toussaint L'Ouverture – Lekòl Marquis de Lafayette No 6
Terence C. Reilly Lekòl No 7
iPrep Academy Nimewo 8
Woodrow Wilson Lekòl No 19
Lendi, 24 Jen – 9 am
Lekòl Benjamin Franklin nimewo 13
Lekòl Akademi Dr. Orlando Edreira Nimewo 26

Lekòl Piblik Elizabeth yo pral travay ansanm, pou anviwònman tout elèv yo ka konfòtab pandan yo nan lekòl yo. Distri a fè anpil plan pou kenbe tout moun fré ak bòn santé pandan jou sa yo. Pou nou ka édé tout élèv ak tout manm pèsònèl, na p bèsè tout pèsyen fenèt yo nan maten. Sa ap anpeche solèy chofé sal klas yo. Na p itilizé vantilitat pòtab kote ki bezwen yo. Na p kontinyé tchécké tanperati nan tout salklas lekòl yo, epi na p limité aktivité fizikal pou tout moun. Nou mété dlo nan tout lékòl yo. Dlo ap disponib pout tout élèv ak anplwayé nan chak lekòl yo.

Mwen ankouraje tout paran asire ke pitit yo a bwè anpil dlo. Lè nou Travay ansanm, nou kenbé élèv nou yo san danje, an sante, ak kè kontan.

Sensèman,



Olga Hugelmeyer

Biwo Sipètentandan Lekòl yo